



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA

2023

# ANGON WEDHUS Gembel

Menggembala Domba



Penulis: Franciscus Xaverius Suryanto  
Ilustrator: Dwi Astuti

B2





KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

# ANGON WEDHUS Gembel

## Menggembala Domba

Penulis: Franciscus Xaverius Suryanto

Ilustrator: Dwi Astuti

Penerjemah: Franciscus Xaverius Suryanto



**Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia**  
Dilindungi Undang-Undang

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui alamat posel [balaibahasadiy@kemdikbud.go.id](mailto:balaibahasadiy@kemdikbud.go.id) diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

**ANGON WEDHUS GEMBEL  
MENGGEMBALA DOMBA**

Penulis : Franciscus Xaverius Suryanto  
Ilustrator : Dwi Astuti  
Penerjemah : Franciscus Xaverius Suryanto  
Penyunting : Nuryantini  
Penata Letak: Adhi S

Penerbit  
Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh  
Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta  
Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta  
<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023  
ISBN 978-623-112-476-0 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic 18/, Pulang, Milky Cofee, Arial.  
ii, 24 hlm: 21 x 29,7 cm.



# Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.


Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.


Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi





Ing wayah sore, Tono angon wedhus gembele neng lapangan.

Lapangan ana ing pinggir desa, cedhak sawah.

Wedhuse Tono lima, ya kuwi babon, cempe, lan lanang.

Babone ana loro.

Babone sing siji anake loro.

Babon liyane lagi meteng gedhe.

Wedhus lanange galak banget.

Sore itu, Tono menggembalakan dombanya di lapangan.

Lapangan berada di pinggir kampung, dekat persawahan.

Tono mempunyai lima ekor domba.

Domba Tono terdiri dari induk, anak dan pejantan.

Salah satu induknya mempunyai dua anak.

Induk yang lainnya sedang bunting besar.

Tono juga mempunyai satu ekor domba jantan besar.

Domba jantan ini sangat galak.



Sing nyedhak wedhus lanang kuwi mesthi disruduk utawa dibijik. Mung karo Tono utawa bapakne Tono wedhus kuwi manut. Wedhus gembel lanang kuwi warnane putih, ana belange ireng.

Belange ireng ana ing sikil sisih kiwa mburi.

Matane uga dikubengi wulu ireng kaya nganggo kaca mata.

Wedhus lanang mau kaya nganggo kaca mata.


Sungune gedhe mlungker.

Orang yang mendekati domba jantannya pasti akan ditanduk. Hanya dengan Tono atau bapaknya, domba jantan itu jinak.

Bulu domba jantan itu berwarna putih dengan belang hitam. Belang hitam itu ada di kaki kiri belakang. Bulu sekitar matanya juga berwarna hitam.

Domba jantan itu seperti berkacamata.

Domba itu bertanduk besar melengkung



Tono duwe kanca pangon.  
Kancane mau jenenge  
Wawan, Jarot, lan Adhit.  
Wedhuse Wawan ana papat.  
Wedhuse Jarot ana lima.  
Paling sethithik, wedhuse  
Adhit.  
Adhit mung duwe wedhus  
gembel loro.

Tono mempunyai teman  
penggembala.  
Temannya bernama Wawan,  
Jarot, dan Adhit.  
Wawan mempunyai domba  
empat ekor.  
Jarot mempunyai domba lima  
ekor.  
Adhit hanya mempunyai  
domba dua ekor.





Bocah papat nunggu wed-huse karo dolanan. Wawan karo Adhit nyekel HP. Bocah loro kuwi nonton film seni melipat kertas. Bocah loro kuwi ngeyup sangisore wit akasia paling gedhe. Ana wit akasia liyane nanging cilik-cilik. Sing paling akeh mono wit turi. Prasasat pinggir wetan lan kulon lapangan ditanduri turi rentep.

Keempat anak itu menggembala dombanya sambil bermain. Adhit dan Wawan bermain ponsel. Kedua anak itu menonton film Seni Melipat Kertas. Kedua anak itu berteduh di bawah pohon akasia paling besar. Ada beberapa pohon akasia tetapi masih kecil. Tanaman yang paling banyak adalah pohon turi.

Tono karo Jarot dolanan benthik.  
Benthik mono dolanan sing nganggo cuthik loro.  
Cuthik sing siji dawane udakara telung puluh lima senti.  
Cuthik sing dawa kuwi jenenge benthong.  
Cuthik sijine dawane udakara sepuluh senti.  
Cuthik kuwi jenenge janak.  
Benthong kanggo nyuthik utawa nyuthat janak.

Tono dan Jarot bermain *benthik*.  
*Benthik* adalah permainan yang menggunakan dua tongkat. Tongkat yang satu berukuran panjang sekitar tiga puluh lima sentimeter. Tongkat ini disebut *benthong*. Tongkat lainnya berukuran panjang sekitar sepuluh sentimeter. Tongkat yang pendek dinamakan *janak*. *Benthong* digunakan untuk memukul atau mengungkit *janak*.



Saiki Tono lagi main.  
Janak didelehake malang ing  
luwangan cilik sing wis  
digawe.  
Janak dicuthat Tono  
sarosane.  
Janak kontal.  
Jarot ngupaya bisa nampani  
janak mau.  
Nanging, janak adoh ana ing  
ndhuwure Jarot.  
Janak ora bisa ditampani lan  
tiba lumayan adohe.

Tono mendapat giliran  
bermain. Tono meletakkan  
*janak* di lubang kecil yang  
telah dibuat. Tono melempar  
*janak* menggunakan  
*benthong* dengan kuat. *Janak*  
terlempar. Jarot berusaha  
menangkap *janak* itu. Namun,  
*janak* terbang jauh di atas  
dirinya. *Janak* tidak bisa  
ditangkap dan jatuh agak  
jauh.





Jarot njupuk janak. Tono ndelehake benthong malang neng dhuwur luwangan cilik. Saka papan janak tiba, Jarot ngenerake janak ing benthong. Janak mau kliwat, ora ngenani benthong. Tono ngetungadohejanaktibatekanpapanebenthong. Olehe ngetung nganggo benthong. Siji, loro, telu, papat, tegese Tono duwe biji papat.

Jarot mengambil *janak*. Tono meletakkan *benthong* melintang di atas lubang kecil. Jarot melempar *janak* diarahkan ke *benthong*. *Janak* jatuh tidak mengenai *benthong*. Tono menghitung jarak antara *janak* jatuh dan *benthong*. Menghitungnya menggunakan *benthong*. Satu, dua, tiga, empat, artinya Tono mendapat nilai empat. Jarak *janak* dan *benthong* ada empat.



Sabanjure Tono ndelehake janak ana ing luwangan. Janak didelehake rada miring. Bagean ndhuwur dithuthuk rosa nganggo benthong. Janak mubeng neng awang-awang dhuwure udakara sameter. Nalika janak neng awang-awang, janak dithuthuk kanthi rosa dening Tono. Janak kontal luwih adoh tinimbang mau. Janak ora bisa ditangkep Jarot.

Kemudian Tono meletakkan *janak* di lubang. Posisi *janak* agak miring. Tono memukul dengan keras memakai benthong. *Janak* berputar di udara setinggi kira-kira satu meter. Saat masih di udara, *janak* dengan keras dipukul oleh Tono. *Janak* terpentak lebih jauh daripada tadi. Jarot tidak dapat menangkapnya.



Janak diuncalake dienerake  
benthong dening Jarot.  
Janak ora ngenani benthong.  
Tono ngetung adohe janak  
karo benthong.  
Siji, loro, telu, papat, lima.  
Bijine Tono lima.  
Tono mau wis entuk biji papat.  
Bijine Tono yen digunggung,  
papat ditambah lima, dadi  
sanga.

Jarot melempar *janak* ke arah  
*benthong*. *Janak* tidak  
mengenai *benthong*. Tono  
menghitung jarak *janak* dan  
*benthong*. Satu, dua, tiga,  
empat, lima.  
Tono tadi sudah mempunyai  
nilai empat. Bila dijumlah,  
empat ditambah lima sama  
dengan sembilan. Nilai Tono  
sembilan.



Tono nyekeli salah sijine pucuk benthong.

Tangan sing nggenggem benthong dilumahake.

Janak didelehake ana epek-epek sing nggegem benthong.

Janak diumbulake, benthong dithuthukake janak.

Janak kathuthuk.

Thuthukane ora pener.

Janak kontal ora adoh lan

bisa dicekel (dicathok) dening Jarot.

Sekarang Tono memegang salah satu ujung *benthong*.

Telapak tangan yang menggenggam *benthong*

menghadap ke atas. *Janak*

diletakkan di atas telapak tangan yang menggenggam *benthong*.

Tono melempar *janak* ke atas setinggi wajahnya.

Tono memukul *janak* dengan *benthong*.

Pukulan Tono tidak terlalu sempurna. *Janak* terlempar

tidak jauh dan bisa ditangkap Jarot.



Saiki ganti, Jarot main, Tono njaga.

Jarot ndelehake janak malang ana ing luwangan cilik.

Janak dicuthat nganggo benthong sarosane.

Janak kental mumbul dhuwur.

Tono mlayoni janak kuwi.

Karepe, janak kuwi arep dicathok.

Tangane ora gaduk lan janak tiba rada adoh.

Oleh karena itu, Jarot sekarang mendapat giliran bermain. Tono berjaga. Jarot meletakkan *janak* di lubang. Jarot melempar *janak* menggunakan *benthong* dengan kuat. *Janak* terlempar tinggi. Tono berlari mengejar *janak*. Tono bermaksud menangkapnya. Tangan Tono tidak mampu menjangkaunya. *Janak* jatuh agak jauh.



Tono njupuk janak.  
Janak diuncalake dienerake  
benthong. Janak kuwi ngenani  
benthong. Ganti Tono sing  
main, Jarot sing njaga.  
Tono ndelehake janak malang  
ana ing luwangan.  
Janak dicuthat nganggo  
benthong. Janak kental adoh.

Tono mengambil *janak*. Tono  
melempar *janak* diarahkan ke  
*benthong*. *Janak* mengenai  
*benthong*. Karena hal itu, Tono  
berganti menjadi pemain.  
Jarot berjaga. Tono meletakkan  
*janak* melintang di atas lubang.  
*Janak* disontek dengan  
*benthong* dan terlempar jauh.



Jarot ora bisa nyathok. Jarot njupuk janak mau. Janak diuncalake ngener benthong. Janak tiba rada adoh saka benthong. Tono ngukur adohe janak nganggo benthong. Siji, loro, telu, papat. Bijine Tono sanga ditambah papat, dadi telulas.

Jarot tidak bisa menangkap. Jarot mengambil *janak* itu. *Janak* dilempar diarahkan ke *benthong*. *Janak* jatuh agak jauh dari *benthong*. Tono mengukur jarak *janak* dan *benthong*. Satu, dua, tiga, empat. Tono mempunyai nilai sembilan ditambah empat. Nilai Tono menjadi tiga belas.



Tono lagi arep nuthuk janak. Jarot jaga udakara limang meter adohe saka Tono. Ujuk-ujuk wedhus lanange Tono nyruduk bokonge Jarot saka mburi. Jarot krungkep. Tono ora bisa ngampet guyune. Karo isih ngguyu, Tono tumuli enggal nulungi Jarot.

Tono akan memukul *janak*. Jarot berjaga sejauh kira-kira lima meter dari Tono. Tiba-tiba domba jantan Tono menanduk pantat Jarot dari belakang. Jarot terjerembab. Tono tidak bisa menahan tawa. Dengan masih tertawa, Tono segera menolong Jarot.



Wawan lan Adhit melu ngguyu meruhi kadadean mau. Wedus lanang mau isih arep nyruduk Jarot. Tono nggusah wedhus gembel kuwi mau. Wedhus gembel mau malah arep nyruduk Tono. Tono mlayu ngadoh. Wedhuse gembel nguyak. Tono mlayu banter menyang pinggir lapangan.

Melihat hal itu, Wawan dan Adhit juga ikut tertawa. Domba tadi masih hendak menanduk Jarot. Tono mengusir domba itu. Namun, domba itu malah berbelok arah hendak menanduk Tono. Tono berlari kencang menjauh ke tepi lapangan. Domba itu mengejarnya.



Pinggir lapangan akeh wit turi jejer. Tono nyengklak menek salah sawijine wit turi mau.

Wedhus mau ngingetake Tono. Sabanjure Wedhus kuwi mangan suket neng ngisor wit sing dipenek Tono. Mangerteni kahanan kuwi mau, gentenan kanca-kacane Tono sing ngguyu. Tono ana ing ndhuwur wit turi. Ana ing ngisore ditunggu wedhus gembel lanang gedhe.

Di tepi lapangan banyak pohon turi. Tono memanjat salah satu batang turi. Domba itu memperhatikan Tono. Domba itu merumput di bawah pohon tempat Tono memanjat. Teman-teman Tono tertawa melihat hal itu. Tono tetap bertahan berada di batang pohon turi.



Biasane wedhus lanange Tono kuwi manut karo Tono. Nanging, yen lagi kumat, wedhus kuwi dadi galak. Sapa sing nyedhak mesthi disruduk utawa dibijik. Ora mawas kuwi sing duwe utawa wong liya. Tono ora ngerti ujuk-ujuk wedhus kuwi kumat. Tono bengok-bengok njaluk tulung.

Domba jantan Tono biasanya jinak dengan Tono. Namun, kadang-kadang domba itu berubah menjadi liar. Orang yang mendekati pasti akan ditanduknya. Tono tidak mengetahui penyebabnya. Tono berteriak meminta tolong.




Kanca-kancane nyedhaki wedhus mau. Jarot nyempal pang turi. Dheweke nyedhaki wedhus lanang mau. Pang turi mau karepe arep kanggo nggebuk wedhuse. Nanging, wedhus mau malah ancang-ancang arep nyruduk Jarot. Ngerti ngono mau, Jarot nguncalake pang turine. Jarot mlayu lan wedhuse nguyak dheweke.

Teman-temannya berlari mendekati domba tersebut. Jarot mengambil ranting turi dari batangnya. Ranting akan digunakan untuk mengusir domba itu. Namun, domba itu malah bersiap hendak menanduk Jarot. Mengetahui hal itu, Jarot melemparkan ranting yang dipegangnya. Jarot lari. Domba itu mengejarnya.



Wedhus mau siap mbijik Jarot.  
Jarot nyengklak wit turi sing  
paling cedhak karo dheweke.  
Wawan karo Adhit uga mlayu  
nyedhaki wit turi.  
Bocah loro siaga menawa  
diuyak wedhus mau.

Domba tadi siap menanduk  
Jarot. Jarot meloncat ke  
batang turi yang paling dekat  
dengannya. Wawan dan Adhit  
juga berlari mendekati ke pohon  
turi. Kedua anak tersebut  
bersiap bila dikejar domba itu.



Gentenan, saiki Tono sing ngguyu. Tono isih ngetapel wit turi. Tono ngabani supaya wedhus mau ngadoh. Wedhus mau nyruduk wit turi sing dipeneki Jarot. Jarot saya dhuwur anggone menek. Jarot ora ngerti menawa wit sing dipeneki wit cilik. Awake Jarot luwih gedhe tinimbang Tono.

Tono sekarang tertawa. Tono masih berpegang erat pada batang turi. Tono segera berteriak menggoda domba itu supaya menjauh. Domba itu menanduk pohon turi yang dipanjat Jarot. Jarot memanjat semakin tinggi. Jarot tidak menyadari bahwa batang pohon yang dipanjatnya terlalu kecil. Badan Jarot lebih besar daripada badan Tono.



Wit turi mau dadi mentelung.  
Awake Jarot dadi mendhak,  
cedhak karo wedhus mau.  
Wedhus mau mbanjur ancing-  
ancing arep nyruduk Jarot.  
Kanca-kancane ngguyu  
nanging was-was. Wawan  
nyempal pang turi sing  
cedhak dheweke. Pang turi  
digebukake wedhus mau.  
Wedhus mau minger awake  
ancing-ancing arep nyruduk  
Wawan.

Pohon turi tadi jadi merunduk.  
Badan Jarot menjadi dekat  
dengan domba tadi. Domba  
tadi berancang-ancing siap  
menanduk. Teman-temannya  
tertawa, tetapi was-was.  
Wawan mengambil ranting turi  
dari pohon di dekatnya. Wawan  
memukul domba dengan ranting  
itu. Domba tadi berbalik ke arah  
Wawan. Domba siap menanduk  
Wawan.




Wawan mlayu amping-amping wit turi. Wit sing kanggo amping-amping wit sing dipenek Tono. Wedhus mau mbijik wit turi sing dipenek Tono. Ambal ping pindho wedhus kuwi anggone mbijik. Bocah mau kabeh ngguyu. Jarot anjlok saka wit. Wedhus mau ngerti mbanjur nguyak Jarot.

Wawan berlari dan berlindung di balik pohon turi. Pohon yang dipakai berlindung adalah pohon yang dipanjat Tono. Domba tadi menanduk pohon turi itu. Dua kali domba itu menanduk pohon yang dipanjat Tono. Semua anak tertawa. Jarot meloncat turun. Mengetahui hal itu, domba tadi mengejar Jarot.



Jarot age nyengklak menek wit mau. Jarot ora kelingan menawa wit kuwi keciliken kanggo dheweke. Wit kuwi mentelung maneh. Kancane ora leren anggone ngguyu. Untunge bapak Tono teka. Dheweke bisa nyekel tali dhadhung sing naleni wedhus mau. Dhadhung mau ditalekake ana salah sijine wit turi. Bocah-bocah mau bisa nerusake anggone dolanan nganti sore. Bocah-bocah kuwi tetep karo ngulatake wedhus-wedhuse sing dingon.

Jarot kembali memanjat pohon tadi. Jarot tidak ingat bila pohon tadi terlalu kecil buat dirinya. Pohon itu merunduk lagi. Teman-temannya masih tertawa. Untunglah bapak Tono datang. Beliau bisa memegang dadung yang mengikat domba tersebut. Dadung tadi kemudian diikatkan pada salah satu batang turi. Anak-anak bisa kembali bermain. Mereka bermain sampai sore. Tentu saja mereka sambil tetap memperhatikan domba-domba gembalaannya.



### Penulis dan Penerjemah:

**F. X. Suryanto** adalah seorang tenaga pengajar di SMPN 1 Nglipar sejak tahun 2016. Dari tahun 1995 s.d. 2016 menjadi tenaga pengajar di SMPN 2 Tangungsari. Beberapa kali mengikuti kegiatan menulis. Salah satu dongengnya dimuat dalam Antologi Dongeng (Andong) Yogya yang diterbitkan oleh Dinas Kebudayaan Prov. DIY. Ada juga karya yang diterbitkan oleh Balai Bahasa Yogyakarta dalam bentuk antologi. Naskahnya berjudul Pentas Seni pernah meraih juara kedua pada sayembara penulisan buku pengayaan untuk anak SD yang diselenggarakan oleh Puskurbuk tahun 2013. Penulis saat ini tinggal di Jogobayan, Banjarnarum, Kalibawang, Kulon Progo

### Ilustrator:

**Dwi Astuti, S.Pd** biasa di sapa Astuty tinggal di Kabupaten Gunungkidul, Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta, dan menempuh Pendidikan Seni Rupa di Universitas Sebelas Maret Surakarta. Astuty memulai karir sebagai ilustrator sejak 2015 di sebuah penerbit Buku di Surakarta. Ia mulai mengeluti dunia ilustrasi buku anak sejak 2017 silam. Buku yang di Ilustrasikan sudah lebih dari 30 judul. Yuk mengenal lebih dekat dengan Astuty melalui Instagram [@astuty\\_aspharagus](https://www.instagram.com/astuty_aspharagus), atau melalui email [pensilmerah22@gmail.com](mailto:pensilmerah22@gmail.com)

### Penyunting:

**Nuryantini**, lahir di Klaten pada 13 Januari 1973. Ia merupakan pegawai Balai Bahasa Provinsi DIY sejak Januari 2005 hingga sekarang. Saat ini aktif sebagai anggota KKLP (Kelompok Kepakaran dan Layanan Profesional) Perkamusan dan Peristilahan yang bertugas menangani kegiatan pemerikayaan kosakata dan pengembangan kamus di kantornya bersama tim. Bagi pembaca yang ingin berkomunikasi, dapat menghubungi posel [nurysutopo1@gmail.com](mailto:nurysutopo1@gmail.com) atau ponsel (085728900112).



MILIK NEGARA

TIDAK DIPERDAGANGKAN

# Angon Wedhus Gembel

## Menggembala Domba

Tono, Wawan, Jarot, dan Adhit menggembala domba bersama-sama. Mereka bermain bantik selama menunggu domba-domba mereka. Mereka bermain dengan gembira.

Namun tiba-tiba salah satu domba menanduk mereka. Selamatkanlah mereka dari amukan domba?



KEMENTERIAN PENDIDIKAN, KEBUDAYAAN, RISET, DAN TEKNOLOGI  
REPUBLIK INDONESIA  
2023

ISBN 978-623-112-476-0 (PDF)

